**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 20 декабрь Рузман №55 (7869) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 11 декабралда Багьа 8 гъурущ (12 +)

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Сефербек ХIамидов Агъвали хIалтIулаб сапаргун

17 декабралда хIалтIулаб сапаргун Агъвали вачIун вукIана Дагъистаналъул ХIинкъи гьечIолъиялъул Советалъул секретарь Сефербек ХIамидов.

Гьес хал гьабуна Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе гIолохъаби ритIиялда ва хаслихълъиялъулаб призывалда сверухъ районалда гьабулеб хIалтIул.



Гьел суалазда сверухъ жндирго пикру загьир гьабуна гьес районалъул активалъул дандчIваялда.

Активалъул дандельи рагъулаго районалъул бетIер Шамил ГIумаровас бицана хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел районалъул гIолохъабазул, гьезул хьизамазе гьабулеб кумекалъул ва хаслихълъиялъулаб призывалда сверухъ гьабулеб х1алт1ул хIакъалъуль.

Хадув кIалъазе вахъарав Сефербек ХIамидовас бицана хасаб рагъулаб операциялда хурхун улкаялда бугеб ахIвал-хIалалъул, США-ялъул бихьизабиялда рекъон БакътIерхьулаб Европаялъ ва Украиналъул неонацистаз Россия бикь-бикьизабизе гьабулеб рагъул, гьелда бан нильер улкаялда цере чIарал масъалабазул.

Гьел масъалабазул цоябльун ккола къотIи-къаялда рекъон рагъулаб хъулухъалда гIахьаллъи. Гьеб суалалда сверухъ хIалтIи гIуцIизе ва тIубаялда хадуб хал ккевзе тIадкъан буго республикаялъул ХIинкъи гьечIолъиялъул Советалда.



-Республикаялда къотIи-къаялда рекъон рагъулаб хъулухъалде гIолохъаби ритIиялъул план тIубан буго гIицIго 32,5 проценталъ. Гьайгьай, гьеб цIакъго дагьаб буго, гьеб рахъалъ нилъ ахирисезул къерда руго. Гьеб хIалтIи кколаро цо районалъул нухмалъиялъул, гьеб ккола районалда ругел киналго идарабазул цадахьаб хIалтIи,-ян абуна Сефербек ХIамидовас.

Дандельиялда гьединго борхана армиялде гIолохъаби ахIиялъул суалги. Хаслихълъиялъулаб призывалъе къураб планалъулаб тIадкъай районалда тIубазабун буго.

-Республикаялдаго гIадин, районалдаги квеш гIуцIун бугин рагъулаб комиссариаталда байбихьулаб учет. Гьел суалазда тIадчIей гьабизе ккола рагъулаб комиссариатгун цадахь райадминистрациялъ, муниципалитеталъул вакилзабаз, МВДялъул отделалъ, федералиял хъулухъаз, судалъул приставаз,-ан абуна Сефербек ХIамидовас. Жиндирго кIалъаялъул ахиралда гьес киналго ахIана улкаялъул ва республикаялъул нухмалъиялъ церелъурал масъалаби тIуразе.

## Протокол публичных слушаний

**по проекту консолидированного бюджета муниципального района МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 гг.**

Дата проведения: 17.12.2024 г.

Время проведения: 10:00 ч.

Место проведения: с. Агвали, актовый зал администрации МР «Цумадинский район».

На слушаниях присутствовало 89 человек.

Вопрос, вынесенный на публичные слушания: проект консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027гг.

Председательствующий: Омаров Ш.А. - глава МР «Цумадинский район»

Секретарь: Ибрагимов Т.А. начальник отдела правовой работы и инфлрмационных технологий администрации МР «Цумадинский район».

Лица, приглашенные на слушания:

- Магомедов Г.М..- начальник отдела финансов МР «Цумадинский район», Загидов М.М. - председатель контрольно-счетной палаты МР «Цумадинский район», Загидов Т. З.- начальник отдела экономикии и имущественных отношений администрации МР «Цумадинский район», депутаты Собрания депутатов МР «Цумадинский район», работники администрации МР «Цумадинский район», главы администраций сельских поселений, жители района.

Председательствующий открыл слушания и сообщил, что рассматривается проект консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 годов, также проинформировал о существе обсуждаемого вопроса, его значимости, порядке проведения слушаний, участников слушаний. Он сказал, что публичные слушания проводятся в соответствии с Бюджетным кодексом Российской Федерации, Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом МР «Цумадинский район», Положением о бюджетном процессе МР «Цумадинский район», утвержденным решением Собрания депутатов МР «Цумадинский район» №8 от 28 сентября 2017 г.

Информационное сообщение о проведении публичных слушаний было опубликовано в газете «Голос Цумады» и размещено на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район».

Процедура проведения публичных слушаний подразумевает изучение общественного мнения, высказывание замечаний, предложений.

Итогом слушаний будет принятие Заключения.

Председательствующий предложил порядок работы:

-Заслушать доклад по рассматриваемому вопросу и проголосовать за принятие Заключения.

Далее председательствующий предоставил слово начальнику финансового отдела МР «Цумадинский район» Магомедову Г.М.

Докладчик изложил основные параметры консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 гг. указал, что в ходе подготовки к слушаниям от жителей района предложения и замечания не поступили.

От присутствующих поступили вопросы, на который были даны исчерпывающие ответы.

Председательствующий: Доклад окончен. Есть ли вопросы к организаторам слушаний? Желающие выступить?

Если нет вопросов и желающих выступить, то для подведения итогов публичных слушаний выносится на голосование вопрос об одобрении проекта консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 годов.

Голосование по вопросу, вынесенному на публичные слушания: проекта консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 годов:

«За одобрение» - 89 человек

«Против» - 0

Воздержался - 0

Результаты публичных слушаний:

Проект консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 годов. одобрен участниками слушаний.

Письменных предложений и замечаний от жителей МР «Цумадинский район», иных заинтересованных лиц, участников публичных слушаний не поступило.

**Решение:**

1.Одобрить проект консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 годов.

2.Рекомендовать рассмотрение и утверждение проекта консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 годовна сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район».

3. Опубликовать информацию о проведении публичных слушаний в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.

**Председательствующий: Омаров Ш.А.**

**Секретарь собрания: Ибрагимов Т.А.**

## Заключение

**О результатах публичных слушаний по проекту Консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 годов.**

Инициатор публичных слушаний: Администрация МР «Цумадинский район»

Тема публичных слушаний: проект консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025год и плановый период 2026-2027 годов..

Дата проведения: 17.12.2024г

Время проведения: 10 :00 ч.

Место проведения: с.Агвали, актовый зал администрации МР «Цумадинский район»

Количество участников: 89 человек.

Голосование по вопросу, вынесенному на публичные слушания: «Проект консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 годов».

«За одобрение» - 89 человек

«Против» - 0

«Воздержался» - 0

В результате обсуждения проекта консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 годов принято решение:

1.Одобрить проект консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 год и плановый период 2026-2027 годов.

2. Рекомендовать рассмотрение и утверждение на сессии Собрания депутатов проект Консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» на 2025 г. и плановый период 2026-2027 годов.

3. Опубликовать информацию о проведении публичных слушаний в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.

**Председательствующий Омаров Ш.А.**

Нухал ва гIадамал

# Агъвалисан Лъондоде нухда хъил тIуна

-Гьаб борхалъудагийищ унгоги нухазде хъил тIолеб, гьаниргийищ гьадинал гIатIидал шагьранухал рукIунел,-ан гьаракь борчIана районалъул байрамалде даргизул гIатIиракьалдаса рачIарал, байрам лъугIун хадуса дагъабго свери бахъизе кIвандерилгун лъандадерил рахъазде рачарал гьалбадерил. Гьенирехун рачиялъе гIиллаги букIана, гьезда тIатизе биччачIониги, нилъерго ракьалдасаги халкъалдасаги бугеб чIухIи. Гьеб жеги цIикIкIинабулеб букIана гендерил тоннель нахъе таралдаса, магIарухълъиялде киданиги щвечIел гьезул нилъер тIабигIаталдаса, кьураби-парсаздаса, гIорал-лъараздаса букIараб тамашалъиялъгун кватIазул рацIцIалъиялдаса хIикмалъиялъ.

Ругинха нилъерги район бокьулеб, халкъалъул ургъел бугел ракьцоял абураб рохалил асар жубараб пикруялъ кверде йосун йикIана дунгоги Лъондоде щвезегIан хъил тIураб шагьраялдаса унаго. Лъида гьикъаниги, щиб программаялда рекъон бугеб нух къачIалеб ва хъил тIолеб абун, кьолеб жавабги «Лъондодаса Шамсулварал АхIмадил программаялда» рекъон бугин абун гурони, букIинчIо. Бихьулеб букIана гьезул рекIелъ рохелги, кочIолъ абухъего, «Къварильи ккаралъул кирго ратулел, бараб ахIиялде тIоцере щолел» нильер гIолохъабаздаса бугеб чIухIиги. Ругинха тарихалда жидер цIарал толел ракьцоял абун ракIалде ккана.

Къоял ун, моцIал ун тIаде щвана хъил тIеялъул хIалтIи рагIалде щвараб рохалилаб къоги. ГIемерлъаги Аллагьас нилъер районалда рохел гьарзаял къоял.

Автотранспорт ва гIадамал хьвадиялъе шагьранухазул бугеб кIвараlъул бицине гьаниб кколаро, гьеб рахъалъ нилъер халкъалъул бичIчIи лъикIаб буго ва, щиб кканиги, къараб зар гIадин, рахьунчIола нухал къачIазегун гIатIид гьаризе.

Агъвалисан Лъондода шагьранухлул капиталияб ремонт гьабиялъул хIалтIи байбихьизе бугин абун харбал раккаралдаса нахъе камичIо цо-цо цIадулъе нах тIолелги, божи буго гьел жидерго ишаздаса рекIекIлъунги ратилин ва, иншаалагь, АхIмад гIадинал, гьесго абухъе, гьесдасанги цIакъалги, тIокIалги гIолохъаби ругебгIан мехалъ, щибаб росулъе рукIинин хъил тIурал, лъарагIлъиялдаса рачIанцинazул тамашалъи загьир гьарулел шагьранухал абун.

Иргадулаб нухалъги гарачIваризе ккана АхIмадгун. Дир рецц-бакьалъе кутакалда дандечIей гьабуна гьес, жиндир цIар бахъизе бакIго гьечIин гьенибан абуна.

-Агъвали - КIванада - Гъимерсо шагьранухлул анкьо километралда хъил тIеялъул подрядчик ккола «Больихъ агропромдорстрой» ООО (генералияв директор МухIамаев Камалудин),-ян байбихьана АхIмад ГъазимухIамадовас.

-БитIараб буго, цIа баккичIого, кIкIуй букIунаро. Цо дандчIваялда республикаялъул транспорталъулги нухазул магIишаталъулги министр Жамбулат Салавовасда гьарана гьудул-гьалмагъинги вукIунин мун, ахираб 20-30 соналда жаниб нухазул рахъалъ щибго «лъикIлъи» щвараб бакIги гурин нижер росу, бегьуларищ гьенибехунги цо бер щвезабизе, кин богониги рикIкIада гуребги, цогидазде дандеккун борхалъудаги бугеб росуги кколелъул абун.

Бегьулин, бегьараб кумек гьабилин букIана гьесулги жаваб. Дун тIаса вичIчIизе гьабураб жаваб бугин, букIаниги, ракI батулеб рагIи абуралъухъги баркалайинги ккун, дунги вуцIцIухIун чIана. Гьоркьоб заман иналде, дирго гьудулгьалмагъ Дибирица ахIун бачIана жиндир идараялъ гьарулел нухлул хIалтIабазул цояб объект тIасияб соналде бачинеги бегьулин, жинца «садакъа» гьабилинха нужер нухалъе абун.

Азарго баркала гьезие нилъедехун гьабураб бербалагьиялъухъ.

-Агьа, гьеб батилаха доб Ункъракьалъул гIадамал зигардараб объект,-абун дица кIал рагьилалде, АхIмад цеве ккана.

-Воре, воре, цо лахIзаталъгицин ракIалде ккоге гьеб пикру. Дибирил хIалтIаби тIадран унел руго жакъаги. Гьесул объектал руго Юждагалда, Табасаран районалдагун гьенисанги дорехун. БукIине рес гьечIин 20-30 соналъ щибго бербалагьи гьечIого Лъондода росадехун абун пикруги ккун, Дагъавтодоралъулаз таманаб «цIалкIинисан биччан» хал гьабуна росдал нухазул ва, хIакъикъаталдаги гьедин букIин бичIчIидал, кумек гьабуна гьаб хIалтIи байбихьизе ва рагIалде бахъинабизе. ХIасил нилъеда бихьулеб бугоха. Азарго баркала гьенир участкаялъул мастер ИбрагьимГIабдулмутIалимовасул нухмалъиялда гьоркь нух къачIаялда, гIатIид гьабиялда ва хъил тIеялда хIалтIарал гIолохъабазе.

Агъвали кьодасан ХуштадаКIванада-Лъондода рикьиялде щвезегIан нух гIатIид гьабиялъул ва хъил тIеялъул суал тIоцебе борхана Москваялда чIарав нилъер ракьцояв, меценат МухIамад Вечедовас. Гьесулгун дир букIараб гарачIвариялдаса хадуб гьарун букIана дица Жамбулатидаги.

**-АхIмад, хIакъикъаталдаги хIалтIи кIудияб гьабуна- Лъондодасан бахъараб Агъвали бугеб кьодухъе щвезегIан, Кьенгьарагун ХуштадагIурухъги жанибе бачун. Халкъалъул рохалие гIорхъи гьечIо. Узухъда, гьелъул кIварги кIудияб буго…**

-ТIоцебесеб иргаялда, кьокьлъана манзил гуреб, замана росулъан Агъвали щвезегIан. 40-45 минут унеб букIана цебе нухда, гьанже 15 минуталдасан щолел руго. Халкъги бехе гочун, чIунтун рагIалде щвезехъин букIана росу. 100-120 цIалдохъан цIалулев вукIараб росдал школа къаялде ккун букIана иш 5-10 лъимерги гьечIого. Гьеб суалги роцIцIинабуна Аллагьасул квербакьиялдалъун, росуги цIилъизе байбихьана, сониде сониде цIикIкIулел руго росулъ цIиралел минабазул къадар ва тIадруссун рачIунел гIадамал.

МахIачхъалаялде инего бигьалъулаан Агъвалиса, нижер росулъе рачIиналдаса росуцоязе. Зодобе бахинабулаан таксистазги багьа росулъе рачине ккани. Гьанже гьеб суалги роцIцIанин ккола.

Туристалги камиларо росулъе рачIунел. Туризм цебетIейги халкъалъул рукIа-рахьин, росдал социалияб экономикияб рахъ лъикIлъи ккола.

Дагъа-макъабниги дир бутIа хIалтIулъ бугин ккаралъухъ нужееги баркала. Дун гьавуна, гIуна гьанив ва дида гIадин лъикI гьаб нухлул кIвар цогидазда бичIчIи щакаб иш буго. Бокьун букIана дагъа-макъабниги росдал сурат-сипат берцинлъиялъулъ гьитIинабго кверчIвай гьабизе.

**-Мунго рази вугищха хIалтIудаса? Гьабизе хIисабалде босараб, гьабичIого хутIараб бугищ хIалтIи?**

-ХIалтIудаса, цебеккун абухъего, рази вуго. Божи буго цогидалги рази ратилин. Нухал раялъул тIолго низамгун тIалабалги цIунун, нухлул гIаламаталги (знакал) лъун, кIиябго рахъалде автотранспорт хьвадизе ярагьунеб шагьранух буго гьеб, районцоял гурелги, чанги лъарагIлъиялда ругел росабицин бахиллъиледухъ гьабураб. Капиталияб ремонт тIадегIанаб даражаялда гьабунин ругоха специалистал, дунго специалист гьечIелъул, гьез абуралда тIад рекъон чIелаха. Кин богониги, щуго-анлъго росулъе бугеб нухбикьи буго гьениб. Кваранаб рахъ босани Кьенгьарахун, ХуштадагIурухъ ва гьенисан тIаде хуштадерилгун тIиссадериеги, квегIисан-нижер ва кIвандерил рахъалдахун ругезеги. КвегIенлъабиги гIемерал руго.

ХутIун руго кьода аскIор, хъил тIолаго, рахъизе, къотIизе ккарал газалъул марщаби регъеялъул ва цогидалги гIиси-бикьинал хIалтIаби. Гьел рахъичIого рес букIинчIо нух дагьабги гIатIилъи мурадалда. Гьелги кватIичIого рагIалде рахьила, Аллагьас хьван батани…

(Трубабазул хIалтIаби гьарулаго Ах1мадица жиндирго чвантинисан 600 000 гъурущ харж гьабунин бицана гьенив хIалтIулев вукIарав, амма кинго жиндир цIар хьвазе бокьичIев цо гIолохъанчияс).

…Рохалие гурони хьвадизе хьван батугеги БетIергьанас басрияб-цIияб нухдасан гIадамазе. Гьединал ишаз гьункула халкъ, район. Цогидалги росабалъ гьединал пайдаял хIалтIаби гьаризе тавпикъ-къуват кьеги нилъер гIолохъабазе. ЧIухIичIого щибха гьабилеб цинги цогидазда цее дица, гьединал сахаватал, жидерго гуреб, гIагараб росу-ракьалъул метерисеб къоялъул ургъел-тIалаб бугел гIолохъаби нилъер ругеб мехалъ. Сапар-сагIат битIаги гьеб шагьраялдасан хьвадулезе. ЛъикI щварал, хирияl гьалбал абун, гьалбадерида дандчIваял гьаризе тавпикъ кьеги нилъеери.

Нухлул хIакъалъулъ жидерго пикраби загьир гьаруна:

**-Асадула ИсмагIилов, Хуштада росдал администрациялъул бетIер:**

Дирго ва хуштадерил тIолго жамагIаталъул рахъалдаса ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго гьаб сайгъат нижее гьабурал АхIмад ГъазимухIамадовасе, Камалудин МухIамаевасе ва нух къачIалаго хIалтIарал киналго гIолохъабазе. Хуштадерил рахьалдехун хIалтIи щварабго кумекалъе рахъунчIарал росдал гIолохъабазеги баркала, квен-тIехалъул садакъа гьабуразулги кутакалда къабулаб батаги садакъа-сайгъат.

**-ПатIимат ГIабдулмажидова, Лъондода росдал школалъул директор:**

ЧIухIарай ва йохарай йиго гьадинал гIолохъаби нилъер рукIиналдаса. ГIемерго бигьалъана кьойилго рехе-эхеде хьвадулел нижее-мугIалимзабазе ва гIадатиял нухлулазе сапар. Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги АхIмадидасаги, гьесда хьолбохъ эхетун, нух къачIаялъе кверба кьи гьабурал гьесул гьудул-гьалмагъзабаздасаги.

**-Ибрагьим ГIабдулмутIалимов, участокалъул бригадир:**

Нижго нижецаго рецциларо, заманаялъги халкъалъги кьела гьабураб хIалтIуе ва нижее кьимат. Аслияб жо-Аллагьасда ва халкъалда цере хIалтIи ракIбацIцIадго гьаби. Баркала Дагъавтодоралъеги, Больихъ агропромдорстроялъеги, МухIамад Вечедовасеги ай, гьадинаб сайгъат нилъее гьабиялъулъ бутIа лъунщинал киназего.

**-МухIамад ХIамзатов, Лъондода росдал администрациялъул бетIер:**

Росдал жамагIаталъул ва дирго рахъалъан кIудияб баркала нижее гьабураб кIудияб сайгъаталъухъ нижер росуцояв АхIмад ГъазимухIамадовасе, Дагъавтодоралъул ва районалъул нухмалъиялъе, районалъул сахаватав инсан МухIамад Вечедовасе, гьеб хIалтIи тIаде босарав ва гьеб берцинго рагIалде бахъарав «Больихъ агропромдорстрой» ОООялъул нухмалъулев Камалудин МухIамаевасе, участокалъул мастер Ибрагьим ГIабдулмутIалимовасе, гьенир хIалтIарал ва гьелда квер лъурал киназего.

Росабалъ социалияб рахъ цебетIеялъулъ аслияб бакI ккола нухаз. Ахирал соназ лъанго цIилъизе байбихьана нижер росу, гьеб рахъалъ гьабуна ва гьабулеб буго росулъ гIемераб хIалтIи. Шагьараздаса тIадруссунел руго гIолохъаби, ралел ва къачIалел руго минаби, бетон тIун къачIалел руго росулъ жанир нухал, гIуцIулел руго гIадамазе яшав гьабизе шартIал. Гьеб кинабго ишалъулъ росдае кидаго кумекалъе ватула АхIмад. Аллагьас гьесие кьеги сахлъи.





**Хадижат Залимханова**

Нилъер гIолилал

# Лъаялъул борхалъуде ишангун

Дагъал гьечIо нилъер районалда пагьму бугел цIалдохъаби ва студентал. Руго гьел хьабчилъ багьадур гIадин, рахча-хъван щибаб росулъ.



Гьединазул цоясул хIакъалъулъ хъвазе бокьун буго дие жакъа гьаб макъалаялда.

Гьаб ахираб заманалда цIали ва лъай цебеялде дандеккун саламатго гIодобегIан ккун бугин абизе бегьула. Дир хIисабалда, гьелъул гIайибиял ругин ккола къойидаса-къойида раккулел цIиял технологияби, телефонал, компьютерал. ЦIалуде гьира бугел цIалдохъабазул къадар дагьлъулеб буго. Амма цIализе бокьарас ва лъаялъул бищун тIадегIанаб борхалъуде вахине хиялги гьира-шавкъги бугес, цIали бигьаго нухде бачунеб буго.

Гьел дагьазул сияхIалъулъ рехсезе бокьун буго дие Хъвайниса ГIабдуразакъов Шамил. Гьев ккола гIемер соназ Агъвали паспортазулаб отделалда хIалтIулев вукIарав ГIабдуразакъов МухIамадил вас.

Агъвали школалда Шамсудинова ПатIиматида цебе Шамилица кIиабилеб класс лъугIизабурабго, гьезул хъизан гочана Гъизилюрт районалъул Комсомольское росулъе. Гьениб меседил медалалда школаги лъугIизабун, Шамилица тIадегIанаб лъаялде хадуб сапар бухьана Россиялъул тахшагьаралде. ГьабсагIат гьев цIалулев вуго Москваялда Россиялъул медицинаялъул университеталда 2 курсалда.

Гьенивги гьес живго вихьизавулев вуго цIализе гьира ва бажари бугев студентлъун. Дагьаб цебе Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас лъикIав студент хIисабалда Шамилие бихьизабуна лъагIалил стипендия. Гьединал студентал гьаб заманалда, узухъда, цIакъ дагьал руго.

Квер ракул цIечIони кIал нахул цIоларин абухъего, Шамил гьаб жакъасеб хIасилалде щванин абизе бегьула байбихьул классазда лъураб кьучI щулияб букIиналъги, цIалудехун гьесул бугеб гьира-шавкъалъги, васасул цIалуде эбел-инсуца кьолеб кIудияб кIваралъги. Гьедин абулеб буго живго Шамилицаги, ва ракI-ракIалъ баркала кьолеб буго жиндир тIоцеесей учительница ПатIимат Шамсудиновалъе.

Жакъа къоялъ гIемерал гуро ругел гьединал гIолилал, ва Шамилидасан мисал босилин нилъер гIолилазин ракIалде ккола дида.

Баркала кьезе бокьун буго Шамилие лъикIаб тарбия кьун гьев куцарал Шамилил эбел-инсуе.

РакIчIараб буго Шамил цохIо Дагъистаналъе гуревги, Россиялъего пайдаявлъун махщалилавлъун вахъилин.

**Заира Алиева,** Лъондода гьоркьохъеб школалъул мугIалим.

ТIогьиллъарал тIанчал

# Турциялде кагъат

Россиялъул гIелмияб академиялъул Дагъистаналъул ГIелмияб Централъул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб мацIалъулгун адабияталъул ва искусствоялъул Институталъул отделалъул нухмалъулев филологиял гIелмабазул доктор АхIмад МуртазагIалиевас гьал къояз редакциялде битIун бачIана гьаб кагъат.

**-Ассалам гIалайкум! Гьаб кагъат дида батана Турциялда цо магIаруласул рокъоб. Дихъ буго оригинал гIараб мацIалда. Гьаб таржама буго, лъаларо кигIан битIун гьеб гьабун бугебали. Дида гIараб мацI лъаларо. Кагъат хъвараб заман ккола XX гIасруялъул авал. Районалъул газеталда бахъизе бегьилин ккола дида гьеб. Нужер мухъалъул чиясул къисматалде канлъи рехулеб буго гьениб. Щиб лъалеб, гIагарлъиги батила росулъ.**

**ХIурматгун АхIмад МуртазагIалиев.**

-Нижер лъикIав васасухъе, жиндир тIабигIат гIамалги берцинав, жиндир гIелбащадазда гьоркьоса живги бищун тIокIав, бищунго хириязулги хирияв, живги гьижра гьабун ГIусманияб вилаяталде арав, Инхокъвари росулъ живги гьавурав, Х1усейнил вас Билалихъе.

Ассаламу гIалайкум!

Аллагьас кидаго сахлъи-саламалъи даим гьабеги дуе, Аллагьас дур анищалги рекIел мурадги тIубайги, гьаб заманалъул питнабаздасаги цIунаги. Амин.

Гьелда хадуб мун сахлъи-саламаталъул ралъдалъ чвердейги ва сах-саламатго вукIинги буго нижер мурад.

Цинги нижер диналъул вац, жиндир гьунарал тIокIав, лебалав бахIарчи, живги лъикIаб, бахIарчияб хъизаналдаса кколев, ТIинди росулъа хIажичи КъурамухIамадил вас МухIамадица бицана нижеда, мун сах-саламатго вугин, ва дуца нижеда саламги бицунеб бугин. Цинги мун вугев ахIвал-хIал, хIалтIи-пишаялъул хIакъалъулъги рехсана. Мун нижер гьурмада, рекIелъ ва чорхолъ рохеллъунги вессана. Гьеб рохалилаб хабар рагIун хадуб, нижер ракIалги гIодориччана, ва ургъелги тIаса босана. Нижеца шукру-реццги гьабуна ТIадегIанав Аллагьасе, мун лъикIаб хIалпишаялда ватиялда.

Хадуб дуца гьикъани нижер ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ, нижги сах-саламатго руго. Унтун гьоркь хутIарав, хун тIаса арав чиги гьечIо, ургъелкъварилъи бугеб жоги гьечIо. ЦохIо дудаса ратIалъи, мун рикIкIад вукIин гурого. Нижер хъизаналъе щибго захIмалъи-къварилъиги ракIбакъвайги гьечIо. Дуца тарал гIадин руго, сах-саламатго. ТIолабго росуги берцинго буго ва дур эбел АтIата (АтIа ада?), гьейги лъикI йиго, чIечIого дур хIакъалъулъ бицуней йикIуна. Гьелъ гуревги нижецаги гIемер рехсола мун. Кинниги ниж хIадурал руго дур бокьараб иш тIубазе ва дуе бокьараб бокьизе. Нижги: ХIайдарбег, дур эбел АтIа-ада ва нижер дурц, ПатIишол бетIергьанчи, МутагIалимил вас Гьусар гьенире рачIине, щвезе хабарго гьечIо, нагагь мун гьаниве щвани, дуца нижее рехсараб заманалда.

Ва гьединго нилъер вацал МухIамадицаги, ХIасаницаги, ПатIиматицаги, ПатIишоцаги бицунеб буго дуда салам. Гьелги берцинго, сах-саламатго руго. Гьединго тIолабго нижер гIагарлъиялъ, гьудул-гьалмагъзабаз, росдацаго, кIудияв-гьитIинас бицунеб буго дуда салам. Нилъер вацасул чIужу Гьажарицаги бицунеб буго урхъараб салам, ва киналго руго мун вачIиналъухъ ралагьун, мун вихьизе бокьун, духъ урхъун.

Нижер бищун кIудияб мурад буго дуца нижеда лъазаби, мун нижехъе щолевищ, яги щоларевищ абун, вачIи нахъе бахъи, кинабго лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ бицун. Ругьел гьабе нижехъе, хъван кагъатгун. Дурго адресги битIе нижехъе, дур кагъат нижехъе щун хадуб, дуе жаваб гьабизе кагъат битIун.

Гьалдалъун тана. Вассалам! Нижги дур вацал ва гIагарлъи ХIайдарбег, МухIамад, ХIасан, эбел ва Гьусар Дагъистаналъул вилаяталъул Инхокъвариса.

**19 жумадул ула 1324 сон.**

ОМВД

# Миграционный пункт разъясняет

В Главное управление по вопросам миграции МВД России поступают обращения территориальных органов МВД России о разъяснении порядка предоставления государственной услуги по выдаче, замене паспортов гражданина Российской Федерации, удостоверяющих личность гражданина Российской Федерации на территории Российской Федерации, лицам, обязанным состоять на воинском учете и не представившим документа воинского учета.

Согласно пункту 27 Положения о паспорте гражданина Российской Федерации, утвержденного постановлением Правительства Российской Федерации от 23 декабря 2023 г., основанием для отказа в приеме заявления о выдаче, замене паспорта является, в том числе непредставление заявителем, достигшим 18-летнего возраста, документа воинского учета.

Аналогичный порядок предусмотрен пунктом 42.1.3 Административного регламента, при котором отсутствие документов для проставления обязательной отметки об отношении к воинской обязанности, за исключением утраченных документов, влечет отказ в приеме документов, необходимых для предоставления государственной услуги.

При этом, правоотношения, связанные с исполнением гражданами Российской Федерации воинской обязанности, регулируются Федеральным законом от 28 марта 1998 г. № 53-ФЗ «О воинской обязанности и военной службе», Положением о призыве на военную службу граждан Российской Федерации, утвержденным постановлением Правительства Российской Федерации от 11 ноября 2006 г. № 663, Положением о воинском учете, утвержденным постановлением Правительства Российской Федерации от 27 ноября 2006 г. № 719, а также положениями иных нормативных правовых актов.

Подпунктом 3 статьи 4 Федерального закона № 53-ФЗ уточнены обязанности органов внутренних дел, к числу которых также отнесено предоставление, в электронной форме необходимых для ведения воинского учета сведений о гражданах, состоящих на воинском учете, а также не состоящих, но обязанных состоять на воинском учете и переехавших на новое место жительства, расположенное за пределами территории муниципального образования предыдущего места жительства, либо зарегистрированных по месту пребывания на срок более трех месяцев, а также сведения о случаях выявления граждан, не состоящих на воинском учете, но обязанных состоять на воинском учете, и сведения о лицах, приобретших гражданство Российской Федерации и подлежащих постановке на воинский учет, с использованием единой системы межведомственного электронного взаимодействия, в том числе в государственный информационный ресурс, содержащий сведения о гражданах, необходимые для актуализации документов воинского учета.

Кроме того, направления вручаются гражданам, не состоящим, но обязанным состоять на воинском учете, при осуществлении их регистрации по месту жительства или месту пребывания (на срок более трех месяцев), лицам, приобретшим гражданство Российской Федерации и подлежащим постановке на воинский учет, при получении ими паспорта, а также при выявлении лиц не состоящих, но обязанных состоять на воинском учете.

**З. Магомеднабиев,** начальник миграционного пункта

# Пожарная безопасность в новогодние праздники

В период новогодних праздников наиболее частой причиной возникновения пожара становится нарушение правил использования пиротехнических изделий и елочных гирлянд.

Будьте бдительны, под новый год Украина выпустила пиротехнику (петарды),которая не успевая вбрасывать, взрывается на руках.

Чтобы избежать подобных ситуаций и не испортить новогодние торжества, необходимо соблюдать ряд простых правил пожарной безопасности при использовании пиротехники.

Запрещается устраивать салюты ближе 50 метров от жилых домов и легковоспламеняющихся предметов, держать фитиль во время зажигания около лица, использовать пиротехнику при сильном ветре. Категорически запрещается использовать рядом с жилыми домами и другими постройками изделия, летящие вверх. Также запрещается применение изделий с истекшим сроком годности, следами порчи, без инструкции по эксплуатации и сертификата соответствия.

Не рекомендуется зажигать дома бенгальские огни, использовать взрывающиеся хлопушки, зажигать на ёлках свечи, украшать их игрушками из легковоспламеняющихся материалов.

Не забудьте, выходя из дома, выключить электроприборы из сети, закрыть окна, форточки во избежание попадания в помещение, пиротехнических изделий. Не храните источники зажигания в местах, доступных детям. В случае возникновения пожара необходимо немедленно сообщить об этом в пожарную охрану по телефону 112 с мобильного телефона и принять меры по эвакуации людей и тушению пожара первичными средствами;

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

Защита Отечества

# Военная служба по контракту

Защита Отечества, интересов государства, забота о его безопасности - одна из важнейших обязанностей гражданина. В связи с продолжающейся специальной военной операции на территории Украины продолжается набор граждан на военную службу в Вооруженных силах РФ по контракту.

Вступить в ряды военнослужащих по контракту можно с 18 лет. Попасть в ряды военнослужащих по контракту можно подав заявление онлайн на портале Госуслуги или в военный комиссариат по месту прописки.

При себе необходимо иметь паспорт и военный билет.

Контракт заключается на минимальный срок-1 год, максимальный срок - 5 лет. По истечению указанного периода, документ можно продлить.

Условия заключения контракта с Минобороны РФ:

- возраст от 18 лет,
- отсутствие ограничений по здоровью.

У контрактников нет единой суммы месячного жалования. Оно складывается из разных факторов. Жалование зависит от стажа, звания и должности. Зарплаты контрактников начинаются от 204 тысяч рублей. Максимальное пособие составит 250 тыс. руб.

Глава Дагестана принял решение увеличить региональную выплату контрактникам в зоне СВО. Теперь при заключении контракта жители региона будут получать 1 млн. 300 тысяч рублей единовременно: 500 тыс. от республики, 400 тыс.руб. из федерального бюджета и 100 тыс. руб. из муниципального бюджета,а также 300 тыс.рублей из внебюджетного фонда района.

Заключившие контракт для прохождения воинской службы, наряду с добровольцами и другими категориями военнослужащих, могут рассчитывать на разные льготы как для себя, так и для своей семьи.

**Районный военный комиссариат**

Спорт

## Гъоркьгъакври къецал тIоритIана

30 ноябралда Гъоркьгъакври тIобитIана 2008 соналъ ва гьелдаса хадур гьарурал лъималазда гъоркьоб эркенаб гугарияльул рахъалъ районалъул къецал. Гьениб гIахьаллъана районалъул анкьго росдал команда. Къецазул ккана хадур рехсарал хIасилал: 42 кг. 1. Халид ГIубайдулаев (Хонохъ), 2. МухIамад Гереев (Агъвали), 3. МухIамадтIагьир ХIажиев (Агъвали) ва ГIабдурахIман МухIамадов (ТIинди).

**45 кг.** 1.Абубакр ГIумаров (Агъвали), 2. ХIажимурад Гереев (Агъвали), 3. Расул МухIамадов (Агъвали) ва ГIабдулгъафур ТораломухIамадов (ТIинди).

**48 кг.** 1. Ражаб МухIамадов (Гъакври), 2. МухIамад Зубаиров (Агъвали), 3. МухIамад МухIамадов Х. (Агъвали).

**51 кг.** 1. МухIамадрасул Идрисов (Агъвали), 2. Аюб МухIамадов (Агъвали), 3. МухIамад ГIалиев (Инхокъвари) ва ГIабдула АхIмадов (Лъондода).

**55 кг.** 1. Анвар Расулов (Агъвали), 2. ГIабдула ГIабдулаев (ТIинди), 3. МухIамадкамил Абакаров (Гъоркьгъакври).

**60 кг.** 1. МухIамад ГIисаев (ТIинди), 2. МухIамад МухIамадов М. (Агъвали), 3. МухIамад Рамазанов (Агъвали) ва ГIабдула Аличуев (ТIинди).

**65 кг.** 1. ГIабдула МуртузагIалиев (Агъвали), 2. МухIамадрасул ГIисаев (ТIинди), 3. МухIамад ГIалавдинов (Лъондода) ва ГIусман АхIмадюсупов (Агъвали).

**71 кг.** 1. ГIабдула МухIамадов (ТIинди), 2. МикагIил ГъазимухIамадов (Гъакври), 3. Гелани Тажудинов (Гьигьалъ) ва ГIабдула Гереев (Агъвали).

**80 кг.** 1. АхIмад ГъазимухIамадов (Агъвали).

**92 кг.** 1. Халид АхIмадов (Лъондода).

**110 кг.** 1. Дибир МухIамадов (Агъвали).

Абсолютияб цIаялда 1 бакI ккуна Агъвалиса Дибир МухIамадовас, 2 бакI- Агъвалиса АхIмад ГъазимухIамадовас, 3 место -Лъондодаса Халид АхIмадовас.

ДЮСШаялъул администрациялъ ва умумузул комитеталъ кIудияб баркала загьир гьабулеб буго лъималазе хинаб къадеквен гIуцIарал вацал Шамил ва МухIамад Абакаровазе.

. . . . . . .

## Зонаялда лъикIал хIасилал рихьизаруна

7-8 декабралда КIаратIа тIоритIана 2008-2009 соназ гьарурал лъималазда гьоркьор эркенаб гугарияльул рахъалъ зоналиял къецал. Гьениб нильер районалъул ДЮСШаялъул командаялъе щвана лъабго тIоцебесеб ва лъабго лъабабилеб бакI.

ТIоцебесеб бакI ккуна МуртазагIалиев ГIабдулаца (65 кг.), АхIмадов Халидица (92 кг.) ва МухIамадов Дибирица (110 кг.).

Лъабабилеб бакI щвана Гереев МухIамадие (42 кг.), Гереев ХIажимурадие (45 кг.) ва МухIамадов ГIабдулае (71 кг.).

Гьев анлъавго гугарухъан гIахьалъизе вуго 22-25 январалда Каспийскиялда тIобитIизесеб Дагъистаналъул первенствоялда.

## Волейболалъул къецал

7 декабралда Агъвали гимназиялъул спортзалалда тIобитIана 2010 соналъ ва гьелдаса хадур гьарурал лъималазда гьоркьоб волейболалъул къецал.



Ясалазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна Гъоркьгъакври школалъул командаялъ, кIиабилеб бакI - Агъвали гимназиялъул командаялъ, лъабабилеб бакIалде ккана ТIадгъакври школалъул команда.

Васазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна Агъвали гимназиялъул командаялъ, кIиабилеб бакI щвана ТIадгъакври школалъул командаялъе, лъабабилеб бакIалде ккана КIванада школалъул команда.

**Шамил Сажидов**

## Иргадулаб бергьенлъи




Арал гIодоркъояз Саратовалда тIобитIана Россиялъул мустахIикъав тренер ГIабдулманап НурмухIамадов ракIалде щвезавиялъе ММА-ялъул рахъалъ тIолгороссиялъулал къецал.

Гьенив КIванадаса Халил ПирмухIамадовас иргадулаб нухалъги рохизаруна нилъ. ЧIахIиязда гьоркьов 70 кг. цIайиялда гьес ккуна тIоцебесеб бакI, ва бихьизабуна лъикIаб махщел.

Баркула Халилида ва гьесул насихIатчиясда иргадулаб бергьенлъи.

**Х. ПирмухIамадов**

## Аренда земли

Администрация сельского поселения «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района РД сдает в аренду земельные участки сельскохозяйственного назначения расположенные на территории администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский» с следующими кадастровыми номерами: 05:38:000072:167 общей площадью 4045222кв.м., 05:38:000072:168 общей площадью 2017538кв.м., 05:38:000072:169 общей площадью 6887381кв.м., 05:38:000072:170 общей площадью 2422926кв.м., 05:38:000072:171 общей площадью 3319758кв.м., 05:38:000072:172 общей площадью 3605514кв.м., 05:38:000072:173 общей площадью 5286998кв.м., 05:38:000052:703 общей площадью 10674369 кв.м., 05:38:000072:175 общей площадью 3095411кв.м., 05:38:000072:176 общей площадью 1101843кв.м., 05:38:000072:177 общей площадью 3252795 кв.м., 05:38:000072:178 общей площадью 576266 кв.м., 05:38:000000:562 общей площадью 9192646 кв.м., 05:38:000000:563 общей площадью 5698373кв.м., 05:38:000072:180 общей площадью 35782 кв.м.

**М. Магомедов,** глава администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский»

## Дуналалъул Кубок босарал





ГЬал къояз Грозныялда тIобитIараб грэпплингалъул рахъалъ дуналалъул Кубокалда гIахьаллъарал Метрадаса Ибрагьим ХIажимухIамадов ва Кванхиса Расул Хабиров рахъана Кубокалъул чемпионаллъун.

* * *

## Белоруссиялда чемпионлъун вахъана



Дагъаб цебе Минск шагьаралда тIобитIана спортивияб гугарияльул рахъалъ 35-40 сонил ригьалъул ковералъул мастеразда гьоркьоб Белорусиялъул рагьараб чемпионат.

Гьенив гIахьаллъарав нилъер районалъул спортивияб школалъул тренер, Кьеди росдал школалъул учитель Сапиюла Сапиюлаевас эркенаб гугарияльул рахъалъ 78 кг. цIайиялда ккуна тIоцебесеб бакI.

Гьеб тIоцебесеб бергьенлъи кколаро Сапиюлал, дагьав цеве Калмыкиялда рачлида рагьиялъул тIолгороссиялъул къецаздаги ккуна гьес 75 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI. Божи буго гьес нилъ жегиги рохизарилин.

* * *

## Рачелалъул хважаин



Дагъаб цебе Санкт-Петербургалда тIобитIана профессионалияб кикбоксингалъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб турнир. Гьениб чемпионасул рачелалъе ва Гран-При КI XPRO-ялъул чемпионасул цIаралъе мустахIикълъана Санкьадаса МухIамад ГIабдурахIманов. КIванкьадаса МухIамадкарим Асланбековас куцалев МухIамад вахъана лъабцIул Россиялъул ва кIицIул Европаялъул чемпионлъун. Гьединго гьес бергьенлъи босана дуналалъул Кубокалда ва халкъазда гьоркьосел турниразда.

**Шамил Бадрудинов**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Цумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«Цумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»
Тираж - 1259
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужжабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жавабчилъи авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru